AVI KONJE FANMI AK KONJE MALADI YO PEYE POU ANPLWAYE (25 **travayè** oswa plis**)**

Tanpri li avi sa a ak anpil atansyon. Li genyen enfòmasyon enpòtan sou dwa w, obligasyon, ak elijiblite w dapre Lalwa Massachusetts sou Peman Konje Fanmi ak Konje Maladi [PFML]. Tanpri kenbe avi sa a pou dosye w yo.

Lalwa Massachusetts (PFML) la bay pifò anplwaye nan Massachusetts dwa pou yo resevwa konje peye pou fanmi ak maladi. Dwa sa yo dekri an plis detay anba a epi yo enkli alafwa (1) pwoteksyon travay lè anplwaye a retounen travay ak (2) benefis pasyèl pou ranplasman salè pandan anplwaye a pa travay. Anplwayè yo ka bay benefis sa yo swa lè yo (1) patisipe nan Fon Fidisyè (Trust Fund) PFML Depatman Konje Fanmi ak Maladi Massachusetts (Depatman an) ap jere, oswa (2) lè yo founi yon plan prive ki egzanpte yo pou yo kontribye epi ki bay omwen menm kantite avantaj pase sa ki disponib ak Depatman an.

Kèlkeswa si patwon w la patisipe nan Fon Fidisyè (Trust Fund) Eta a oswa si w gen yon plan prive, w ap gen dwa a sèten avantaj ak pwoteksyon. Ou ka oblije fè kontribisyon nan Trust Fund oswa pou finanse plan prive patwon w lan, men sèlman jiska yon sèten kantite. W ap bezwen di anplwayè w la tou lè w bezwen konje, epi w ap bezwen depoze yon reklamasyon pou benefis ak Depatman an oswa atravè plan prive patwon w lan.

Yon patwon ka mande yon egzanpsyon nan kontribisyon konje maladi a, kontribisyon konje fanmi an oswa toude. Anplwayè w dwe ba w enfòmasyon konsènan plan prive an ak pwosesis aplikasyon an. Anplwayè w mete enfòmasyon sa a a dispozisyon:

- ☒ Nan kaz ki anba a
- ☐ Antanke yon atachman nan Avi sa a
- ☒ Lòt: https://hr.mit.edu/employee-leaves
- ☐ N/A (Anplwayè a kontrinye nan Fon Fidisyè a)

Massachusetts Institute of Technology
(Non Anplwayè a)

PAID FAMILY AND MEDICAL LEAVE ACT (PFMLA) PLAN
(Non Plan Prive a)

(617) 253 – 6151
(Nimewo Telefòn Plan Prive a)

MIT Human Resources, NE49-5000
Cambridge MA 02139
(Adrès Plan Prive a)

https://hr.mit.edu/employee-leaves
(Wèbsayt Plan Prive a)

- ☐ Pa gen yon plan prive apwouve epi li bay tout benefis konje yo atravè Depatman a;
- ☒ Gen yon plan prive apwouve pou benefis konje fanmi ak konje maladi;
- ☐ Èske gen yon plan prive apwouve pou benefis konje fanmi sèlman epi li bay benefis konje maladi atravè Depatman a;
- ☐ Gen yon plan prive apwouve pou benefis konje maladi sèlman epi li bay benefis konje fanmi atravè Depatman an.

I. Esplikasyon sou Benefis yo

Tan konje ki se dwa a. Dapre Lalwa sou PFML, ou gen dwa a:

- 12 semèn konje fanmi peye pandan yon ane benefis pou nesans, adopsyon oswa swen adoptif yon timoun; pran swen yon manm fanmi ki gen yon pwoblèm sante grav; oswa akòz yon egzijans kalifye ki soti nan lefèt ke yon manm fanmi an sèvis aktif aktyèlman nan lame oswa lame te enfòme li yo pral rele l byento pou sèvis militè aktif;
- 20 semèn konje maladi peye nan yon ane benefis si yo gen yon pwoblèm maladi grav ki anpeche yo travay;
- 26 semèn konje fanmi peye nan yon ane benefis pou pran swen yon manm fanmi ki se yon manm lame nan sèvis aktif ki gen pwoteksyon sa a k ap resevwa tretman pou yon maladi oswa k ap fè fas a konsekans yon pwoblèm sante grav ki gen rapò ak sèvis militè manm fanmi an;
- 26 semèn ototal, konje fanmi ak maladi peye nan yonsèl ane benefis.

Yon "ane benefis" koresponn ak 12 mwa yo ki anvan dimanch ki imedyatman anvan kòmansman konje ou a.

Lòt konje. Nenpòt konje ou pran - peye oswa ki pa peye - pou menm rezon ki elijib ki endike anwo a ap konte nan kantite konje ou pou ane benefis sa a.

Eligibility. W ap elijib pou benefis konje ak ranplasman salè si w satisfè tès salè a. Ou dwe te touche omwen 30 fwa montan benefis yo prevwa a epi reponn ak egzijans minimòm salè w touche ki etabli chak ane pa Depatman Asistans Chomaj (Department of Unemployment Assistance, DUA), ki se $6,300 pou 2024, nan kat (4) trimès ki te konplete anvan ou aplike pou benefis yo. (Sa a se kantite lajan ki kalkile nan seksyon "Peman pou Ranplasman Salè" ki anba a.)

Peman pou Ranplasman Salè. Lè w pran konje pou nenpòt nan rezon ki dekri pi wo a, w ap kalifye pou aplike nan Depatman a oswa nan plan prive patwon w la pou benefis ranplasman salè. Avantaj sa yo pral yon pwopòsyon nan salè mwayèn ou chak semèn. Kantite maksimòm benefis potansyèl ou a pral etabli nan fason sa a:

- 80% revni ap kalifye pou jiska 50% Salè Mwayen Chak Semèn Eta a
- 50% revni ki pi wo pase Salè Mwayen Chak Semèn Eta a
- Nan okenn ka ou ka kalifye pou plis pase kantite maksimòm la. Pou ane 2024 a, kantite maksimòm benefis sa a se $1149.90. Montan sa a pral ajiste chak ane selon ogmantasyon nan Salè Mwayen Chak Semèn Eta a.

Plan prive yo ka chwazi bay pi gwo avantaj, men yo pa kapab bay kantite lajan ki pi ba pase sa Depatman an ta peye.

Peman plizyè benefis an menm tan. Si ou resevwa benefis ki soti nan lòt sous pandan w ap tou resevwa benefis nan men Depatman a, benefis ou resevwa nan men Depatman a ka redwi. Sèten kalite lòt avantaj yo pral lakòz yon rediksyon youn pou youn nan benefis ou resevwa nan men Depatman an. Sa vle di pou chak dola ou resevwa nan benefis sa yo, benefis depatmantal ou a ap diminye pa yon dola. Benefis ki pral gen efè sa a enkli:

- Konpansasyon Travayè
- Asirans Chomaj
- Règleman oswa Pwogram pou Andikap Pèmanan
- Konje Maladi Pwolonje Konje Labank

Lòt fòm benefis p ap diminye benefis ou resevwa nan men Depatman an, sof si w ap resevwa plis pase salè mwayen ou pa semèn nan benefis total. Benefis ki pral gen efè sa a enkli:

- Règ oswa Pwogram Andikap Tanporè (ki gen ladan Andikap pou yon Ti Tan ak Andikap pou Anpil Tan)
- Règleman oswa Pwogram Konje pou Fanmi ak/oswa Maladi anplwayè a jere

Kourone peman benefis PFML yo. Pou aplikasyon ou te soumèt nan dat oswa apre 1ye novanm 2023, anpwlaye yo k ap resevwa benefis PFML yo gendwa konplete (oswa "kourone") benefis PFML yo ak nenpòt konje peye akimile ki disponib (konje maladi, vakans, PTO, tan pèsonèl, elatriye.). Pou anplwaye sa yo ki chwazi konplete benefis PFML yo nan fason sa a, sòm ebdomadè konbine pou benefis PFML ak benefis konje peye anplwayè a bay pa kapab depase Salè Mwayen Chak Semèn yon Moun Apa (Individual Average Weekly Wage, IAWW). Anplwayè yo pral responsab pou siveye ak asire ke sòm konbine chak semèn benefis konje peye anplwayè a bay ak benefis PFML yo pa depase IAWW yon anplwaye. Anplwayè yo responsab tou pou jere nenpòt peman yo bay yon anplwaye ki depase IAWW anplwaye a. Depatman an pa patisipe nan pwosesis repeyman an pou eksedan pou kourone a. Pwosesis sa a se sèlman responsabilite anplwayè ak anplwaye a.

Si aplikasyon an anrejistre nan dat oswa apre 1ye novanm 2023, aplikasyon yo anrejistre retwoaktivman yo pou konje ki kòmanse anvan 1ye novanm 2023 elijib pou yon kourone.

II. Dwa ak pwoteksyon anplwaye yo

Pwoteksyon travay. Anjeneral, si w pran konje fanmi oswa maladi, yon fwa w retounen travay, patwon w dwe reyenstale w nan ansyen pòs travay ou oswa nan yon pòs travay ekivalan, ak menm estati, salè, benefis, kredi ansyènte ak ansyènte. apati dat ou te kòmanse konje a. Kondisyon sa a ka pa aplikab si yo te aboli pozisyon ou pou rezon ekonomik ki pa gen rapò ak itilizasyon konje ou.

Kontinyasyon nan Asirans Sante. Anplwayè w la dwe kontinye bay ak kontribiye nan benefis asirans sante ki gen rapò ak travay ou, si sa aplikab, nan nivo ak nan kondisyon yo t ap bay kouvèti asirans lan si w te kontinye travay pandan peryòd konje sa a. Anplwayè w la ka mande pou w kontinye peye patisipasyon w nan prim asirans sante w nan menm kondisyon ak anvan konje w la.

Pa gen Reprezay. It Li ilegal pou nenpòt anplwayè fè diskriminasyon kont ou oswa pran revanj kont ou paske w ap egzèse nenpòt dwa ou genyen dapre Lalwa sou Konje Peye Fanmi ak Maladi. Yon anplwaye oswa yon ansyen anplwaye ki soufri reprezay poutèt li te egzèse dwa ke Lalwa prevwa kapab, jiska twazan apre vyolasyon an, pote yon aksyon sivil devan tribinal siperyè a.

III. Nivo kontribisyon yo

Pou ede finanse benefis konje peye yo ki disponib daprè lwa PFML la, anplwayè w kapab fè yon kontribisyon, ki finanse an pati pa yon dediksyon nan salè ou touche a, ki swa yo pral vèse nan Fon Twòs (Fidisyè) a oswa bay operatè plan prive anpwlayè w lan. Yon anplwayè ki kontribye nan Fon Twòs la pral oblije kontribye montan ki endike annapre yo:

Kontribisyon Konje Fanmi	Kontribisyon Konje maladi	Kantite Kontribisyon Total
0.18% nan salè *	**0.70% nan salè ***	**0.88% nan salè ***

Poutèt anplwayèw lan gen 25 travayè oswa plis, montan kotnribisyon total la se 0.88% nan salè yo.

Dapre lwa a, anpwlayèyo responsab pou yon minimòm 60% nan kontribisyon konje medikal yo (.42% salè yo), men yo otorize pou dedwi nan salè anplwaye yo pou jiska 40% nan kontribisyon konje medikal (.28% salè yo) epi jiska 100% nan kontribisyon konje fanmi a (.18% salè yo) swa yon total .46% salè yo. Kèlkeswa si anplwayèw gen yon plan prive oswa si li patisipe nan Fon Twò Eta a, anplwayè w pa kapab dedwi plis pase pousantaj sa yo nan salè w.

Anplwayè w chwazi pou divize montan kontribisyon an konsa:

Konje medikal	Total Kontribisyon Obligatwa: .70%*		
	Massachusetts Institute of Technology pral kontribye	100%	nan kontribisyon konje maladi a
	(Non Anplwayè a) ak rès la	___%	yo pral retire nan salè ou

Konje fanmi	Total Kontribisyon Obligatwa: .18%*		
	Massachusetts Institute of Technology pral kontribye	100%	nan kontribisyon konje fanmi a
	(Non Anplwayè a) ak rès la	___%	yo pral retire nan salè ou

Please initial here to indicate that you understand that this percentage of your wages earned in a pay period will be deducted from your pay each pay period: _____

* The numbers provided are through 2024. These rates may be adjusted on an annual basis, effective January 1 of each calendar year.

IV. Enfòme Anplwayè w la

ANVAN ou pran konje oswa aplike pou benefis, ou DWE di patwon ou ke ou bezwen pran konje. Ou oblije bay omwen 30 jou preavi sou bezwen ou pou konje. Si preavi 30 jou pa posib akòz sikonstans ki pa nan kontwòl w, ou dwe bay preavi pi vit posib, epi nan nenpòt ka, anvan ou soumèt yon reklamasyon pou benefis.

Lè w fè patwon w konnen bezwen w pou konje, ou dwe bay enfòmasyon sa yo:

1. Dat ou prevwa pou kòmanse konje a;
2. Konbyen tan ou prevwa konje a ap ye;
3. Dat ou prevwa pou retounen soti nan konje a;
4. Si ou ap bezwen konje tanzantan (konje ki pran nan de blòk separe oswa plis) oswa konje redui (konje ki enplike yon orè redwi mwens èdtan oswa jou pa semèn), epi;
5. Si w bezwen yon orè konje tanzantan oswa yon or orè konje kout, ak ki frekans ou prevwa pou pran jou ferye yo ak longè chak konje ou prevwa.

Si nenpòt nan enfòmasyon sa yo chanje, ou dwe notifye patwon ou rapid jan sa posib depi ou vin konnen chanjman an.

V. Depoze yon Aplikasyon

Pou aplike pou benefis PFML, w ap bezwen enfòmasyon sa yo sou patwon w la:

Massachusetts Institute of Technology
(Non Anplwayè a)
77 Massachusetts Avenue, Bldg NE49-5000
(Adrès Lari Anplwayè a)
Cambridge, MA 02139
(Vil, Eta Zipkòd Anplwayè a)
042103594
(Nimewo ID Anplwayè Federal) (FEIN)

Si patwon ou kontribye nan Fon Fidisyè a, ou dwe fè yon reklamasyon pou benefis yo nan Depatman a. Ou ka depoze aplikasyon sa a nan youn nan de (2) fason sa yo:

1. Ou ka kreye yon kont pou aplike sou Entènèt atravè Pòtal Aplikan Depatman a nan https://paidleave.mass.gov/login/
2. Ou ka rele Sant Kontak Depatman an nan (833) 344-7365 pou ranpli yon aplikasyon nan telefòn.

Forms and application instructions are available on the Department's website at www.mass.gov/info-details/get-ready-to-apply-for-paid-family-and-medical-leave-pfml-benefits.

VI. Pou plis enfòmasyon

Pou plis enfòmasyon detaye, tanpri konsilte sit entènèt Depatman an: www.mass.gov/DFML Ou ka kontakte Depatman Konje pou Fanmi ak Konje Maladi nan:

The Massachusetts Department of Family and Medical Leave
PO Box 838
Lawrence, MA 01842
Contact Center: (833) 344-7365

KONFIMASYON

Siyati ou anba a rekonèt ou resevwa enfòmasyon ki anwo yo nan 30 jou apati dat kòmansman

travay ou a.

_____ _____

Siyati Dat

_____

Non w (EKRI AK LÈT DETACHE)

Se patwon w la ki pral kenbe sètifika w siyen an. Tanpri kenbe yon kopi pou nan dosye w.